



Republik Ayiti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



**Michaël BENJAMIN (Mikaben): AKA salye depa yon gwo pwomotè lang kreyòl ayisyen an**



Samdi 16 oktòb 2022, nan vil Pari, kapital peyi Lafrans, pandan yon konsè gwoup mizikal ayisyen, CARIMI t ap ofri nan sal **Accor Arena**, Michaël BENJAMIN (**Mikaben**), apre li te fin bay yon bél prestasyon, atis la fè yon kriz kadyak sou sèn nan menm, li sot tonbe lapoula. Malgre tout jefò ekip sekouris yo fè pou reyanime li, atis la pa rive leve.

Lanmò sibit Mikaben nan plonje Akademi Kreyòl Ayisyen nan yon gwo tristès. Nonsèlman Mikaben se yon konpozitè, mizisyen ak Chantè wòdpòt

ki pwodui fondamantalman an kreyòl, men Akademi Kreyòl Ayisyen sonje tou, se atis ayisyen sa a ki te ofri yon prestasyon fètgefouni jou enstalasyon istorik premye kowòt Akademisyen yo nan lane 2014.

Lanmò sa a se kout zèkle ki tonbe sou tèt kominate ayisyen an, anndan kou dèyò peyi a, tèlman fason atis la mouri a trajik. Ayiti pèdi yon gwo pwomotè kilti ak lang kreyòl ayisyen an. Mikaben se te yon talan konfime ki kite anpwent li nan mond mizikal ayisyen an.

Michaël BENJAMIN (**Mikaben**) fèt Pòtoprens 27 jen 1981. Li se pitit Lionel BENJAMIN, ki li menm tou se yon konpozitè epi chantè ki fè anpil pwomosyon pou lang ak kilti kreyòl ayisyen, atravè zèv mizikal li yo.

Pami latriye chante Michaël BENJAMIN genyen nan repètwa li, nou kapab site: "Nwèl tristès", "Ayiti se", "Ou pati", "Si m te gen zèl".

Akademi Kreyòl Ayisyen prezante fanmi, pwòch ak fanatic Mikaben yo kondoleyans li, patikilyèman papa mizisyen an, Lionel BENJAMIN ki pa janm manke yon okazyon pou sipòte travay Akademi Kreyòl Ayisyen.

Akademi Kreyòl Ayisyen kwè pi bon fason nou kapab rann Mikaben omaj se kontinye travay valorizasyon lang kreyòl la, li te toujou fè atravè pifò tèks li yo li te ekri nan lang kreyòl ayisyen an.